



OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

KONPRANN AVI HIPAA A

Lwa sou Pòtablite ak Responsablite nan Asirans Sante an 1996 (Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996, HIPAA) se yon lwa federal ki mete règleman konsènan kiyès ki kapab gade epi resevwa enfòmasyon sou sante w. Lwa sa a ba ou dwa sou enfòmasyon sou sante w epi kilè yo ka pataje l. Li egzije tou pou doktè yo, famasyen ak lòt moun k ap bay swen yo, ak asirans sante ou pou esplike dwa ou epi kijan yo ka sèvi oswa pataje enfòmasyon sou sante w. Swi etap sa yo pou asire w ou konprann Avi a ak dwa ou.

1. Jwenn yon kopi Avi sou Pratik sou Entimite.

Lè ou wè yon doktè, tchecke nan yon lopital, kòmanse jwenn preskripsyon yon famasi voye, oswa chanje plan asirans sante, w ap resevwa plizyè dokiman pou li epi siyen. Youn nan dokiman sa yo - ki se rele Avi sou Pratik sou Entimite - esplike dwa w anrapò ak enfòmasyon sou sante w epi li fè w konnen kijan yo kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sa yo. Pifò doktè dwe ba ou Avi a nan premye randevou w la, epi pifò asirans dwe ba ou Avi a lè ou enskri. Yo dwe mete tou yon kopi Avi a yon kote ki klè, fasil pou wè nan yon klinik doktè, famasi, oswa yon lopital, konpayi asirans sante ou dwe voye l ba ou nan mèl, oswa yo dwe mete sou sit entènèt doktè w la oswa konpayi asirans sante w la. Si ou pa kapab jwenn li, mande l. Doktè ou oswa konpayi asirans ou dwe bay nenpòt moun ki mande.

2. Li Avi a.

Avi a ap esplike:

- Kijan yo pèmèt moun k ap ba w swen oswa konpayi asirans ou an itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w.
- Dwa sou Entimite w, ki gen ladan dwa w genyen pou jwenn yon kopi de dosye medikal ou, revize l, mande pou yo korije l, epi fè yon reklamasyon si ou panse yo te vyole dwa sou entimite w.
- Responsablite doktè ou oswa konpayi asirans ou genyen pou pwoteje enfòmasyon sou sante w.
- Kiyès pou kontakte pou plis enfòmasyon konsènan politik sou entimite doktè w oswa konpayi asirans ou genyen.

3. Poze kesyon konsènan Avi a oswa sou Dwa Ou.

Avi a ta dwe ede w konprann dwa sou entimite w. Si enfòmasyon nan avi a pa klè, mande doktè w oswa asirans sante w la esplike l. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou www.hhs.gov/ocr/privacy/.

4. Konnen sa w ap siyen an.

Lwa a egzije doktè, lopital, oswa lòt moun k ap pran swen w pou yo mande yon prèv ekri ki montre ou te resevwa Avi sou Pratik sou Entimite a, oswa sa yo ta kapab rele "resi konfirmasyon." Lwa a pa mande w siyen dokiman konfirmasyon an.

Si ou chwazi pou w pa siyen, doktè w dwe gen yon dosye ki di yo pa t gen siyati w, men yo dwe toujou trete ou.

Si ou chwazi siyen, ou pa t renonse a okenn dwa w oswa te dakò a okenn itilizasyon espesyal de dosye medikal ou a. Ou sèlman fè konnen ou te jwenn Avi a.

Pou aprann plis, vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.hhs.gov/ocr.

Biwo Depatman Sante ak Sèvis sosyal
Ozetazini pou Dwa civil (OCR).

